

Benefis Revni Sekirite Siplemantè (SSI)

Kisa Benefis Revni Sekirite Siplemantè ye?

Benefis Revni Sekirite Siplemantè, oubyen **SSI**, se yon pwogram ki bay ou lajan pou peye pou bezwen senp yo, tankou manje, rad e kay. Pafwa moun rele pwogram sa **Sekirite Sosyal**.

Eske mwen ka resevwa SSI?

Ou ka resevwa SSI si ou pa fè anpil lajan epi:

- Ou gen 65 ane oubyen plis;
- Ou avèg; **oubyen**
- Ou andikape. (*Si ou gen yon andikap, sa vle di ou gen yon pwoblem serye nan fizik oubyen nan sante emosyonèl ki fè ou pa ka travay 40 edtan pa semèn pou en (1) ane oubyen plis.*)

Si ou nan Etazini legalman, ou ka jwenn SSI si ou se yon granmoun (65 ane oubyen plis) oubyen andikap e ou pa fè anpil lajan.

Lasistans Jeneral (GA)

Kisa Lasistans Jeneral ye?

Lasistans Jeneral, oubyen **GA**, soti nan lokalite oubyen vil kote ou ye, tankou Portland oubyen Lewiston, pou ede ou peye pou kay e lòt bezwen senp.

Eske mwen ka resevwa Lasistans Jeneral?

Ou ka jwenn Lasistans Jeneral si ou pa fè ase lajan pou kouvri bezwen ou e si ou kalifye jan règ pwogram nan di.

Si ou Etzazini legalman, e ou kalifye jan règ pwogram nan di, ou ka resevwa Lasistans Jeneral.

Pou kesyon sou pwogram yo kontakte:

Maine Equal Justice Partners (MEJP)

Nimewo telefon: 207-626-7058 oubyen gratis 1-866-626-7059

via entènèt: www.mejp.org